Asistans Posib pou Abri ak Lojman pou Sivivan Dezas yo (DR-4611-LA)

Sivivan dezas ki genyen domaj nan rezidans prensipal yo kapab kalifye pou Asistans pou Jwen Abri ak Lojman nan FEMA:

Asistans pou Lwaye

Asistans finansyè pou sivivan kalifye yo ki bezwen yon kote pou yo viv tanporèman pandan y ap repare kay yo, oswa jiskaske yo jwenn lojman pèmanan.

Kiyès ki kapab kalifye?

Yon Sivivan Dezas:

- Ki genyen kay ki inabitab akòz dezas la.
- Ki dakò pou demenaje.
- Ki gen bezwen lojman asirans pa kouvri.

Asistans Tranzisyonèl pou Jwenn Abri

Si w apwouve pou dezas la, Y ap peye chanm otèl ak frè taks yo dirèkteman nan otèl k ap patisipe yo pou sivivan dezas ki kalifye yo.

Kiyès ki ka kalifye?

Yon Sivivan Dezas:

- Ki genyen kay ki inabitab oswa pa aksesib akòz dezas la.
- Ki gen bezwen abri ak lojman asirans pa kouvri.

Reparasyon/Ranplasman Kay

Asistans finansye pou pwopriyetè kay ki kalifye yo pou rebati oswa fè reparasyon debaz yon fason pou kay yo vin san danje, pwòp, ak fonksyonèl.

Kiyès ki kapab kalifye?

Yon Pwopriyetè:

- Ki genyen rezidans prensipal li yo te detèmine ki inabitab apre yon enspeksyon FEMA.
- Ki genyen bezwen lojman asirans pa kouvri.

FEMA